Пщэдей Хэкум и хъумакIуэм и махэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№31 (21.939) ● 2011 гъэм мазаем (февралым) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩытыкIэ ткIий щагъэув

● Дыгъуасэ

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочие лIыкIуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсенрэ дыгъуасэ Тыркуазэ кьалэм щыIуищащ Iахьысэм, Iуащхьмахуэ районым, кьужьэ администрацэхэм, жылагъуэ, дин организацэхэм, Iуэхущ1ап1эхэм я унафэщIхэмрэ я лIыкIуэхэмрэ.

ЗЭХЫХЬЭ къыщыдэIуихым Хлопонин Александр кьыхигъэщащ иужьрей зэманым республикэм къыщыхъуэм хуабжьу зэригъэпIейтейр икIи ахэр пшэчынкIэ Iэмал гуэри зэрыщымыIэр.

- Къанокъуэ Арсенрэ сэрэ мы махуэ гъунэгъуэм къралым и Президентым дыхэзэнущ. Абы и пэ кIихуэу нобэрей щытыкIэр къызыхэкIыу къэфлытэмрэ ахэр зэстес щIыжьнымкIэ лэжьыпхъэхэмрэ къызэрывгурыIуэр си щхьэкIэ зэзгъэщIэну сыхуейт. Щхьэ дрихуIэнкIэ хьуа игъащIэми хьэщIэкIэ фIы республикэ щIэращIэм терроризм пэщIэтыным теухуа щытыкIэ ткIий щыдгъэувыну, щIыуэ сэфэтыпи икIа щIэпхъаджащIэхэм щIыналъэ псор ягъэшыкIэныр дауэ къэдгъэхъуа? - захуигъэзащ зэхуэсэхэм полномочие лIыкIуэм и псалъэр зыпулIм.

КъБР-м и Президентым къигъэлъэгъуащ республикэм щекIуэкIэхмкIэ ихьэжъуаплныгъэр нэсу зэрызыхищIэр икIи мамыр псэукIэр зэтеувэжа хъун папщIэ, администрацэхэм я Iэтащхьэхэми зэрахудимычыхьнур.

Iуащхьэмахуэ районымрэ Бахъсэн куейм и языныкъуэ щIыпIэхэмрэ терроризм зэрыщебэныну пIалъэр иухынкIэ ягъэува щытыкIэ ткIийм щыгъэсIэлIкIыла Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм Къанокъуэ Арсен кьытеувыIа нэужь, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лжьакIуэхэр хэмыту псалъэмакъым пащащ.

ЗэIущIэм хэтащ Урысейм и МВД-м КИФЩIи-м щиIэ управленэ нэхъыщхьэм, КъБР-м и Правительствэм, республикэм и Президентым и Администрацэм я унафэщIхэу **Ченчик Сергей, Меркулов Александр, Жамборэ Владимир,** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жыгъэгъуэ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан**, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къанокъуэ Арсен хэкIуэдам и Iыхьлыхэм яхуэгуэзащ, уIэгъэ хъуахэм ящIэупщIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэпхъаджагъэхэр зэрыщIэзэхащIыхьам къыхэкIыу, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен лэжьыгъэ Iуэхуэр зэпигъэурэ, икIэщIыпIэкIэ Налшык къигъэзэжащ.

ПщыхЬэщхьэм гувауэ къыдзэрысыжу, Хьэсэней къуажэм кIуэри, ар администрацэм и Iэтащхьэ Фриев Рэмэзан зэрауклам къыхэкIыу абы и адэ-анэмрэ и щхьэгъусэмрэ яхуэгуэзащ. КъБР-м и Президентым абыхэм быдэу яжриаIу унагъуэр дэIэпыкъуэгъуншэу къызэрамыгъэнэнур, мы щIэпхъаджагъэри зэрызэхэгъэкIынур.

Дыгъуасэ пшэдджыжьым Къанокъуэ Арсен республикэ клиникэ сымаджэщым кIуаи икIи мазаем и 18-м терроризм уIэгъэ ящIа Белоконь Валерий, Ефремов Сергей сымэ ящIэупщIащ. Республикэм и Iэтащхьэр Белоконь Валерий хуэгуэзващ абы и кIуэр зэрауклам къыхэкIыу. КъБР-м узыншагъэр хьумэныжьмкIэ и министр Амщокъуэ Фатlимэт Президентым жриаIащ уIэгъэ хьуахэм тэмэму зэрелъэзэр, абыхэм я узынщагъэм къызэригъэзэр. Къанокъуэ Арсен министрым и пащ ирилъхьащ сымаджэхэр зыхуей псомкIи къызэригъэпэщну икIи абыхэм зэрелъэзэм и нэIэ тригъэтыну: «Терроризмэм я лей зытехьа уIэгъэхэр медицинэм и лэжьакIуэхэр ящIигъуу Москва щэжьныпрэ ахэр кьалащъхьэм и клиникэхэм щIэгъэгъуэлъхьэныпрэ къызэгъэпэщын хуейщ».

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым ыкIи террорым пэщIэтыныжьмкIэ лэжьыгъэхэр щIагъэжьхьэ республикэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным теухуауэ КъБР-м и властхэм унафэ къызэращтар: «Дэ туристхэм иджьпсту щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр зэгурыдогъаIуэ, икIи апхуэдэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну дольэIу республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм щыIэ турист базэхэмрэ санаторхэмрэ я унафэщIхэм».

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ,

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм и лэжьакIуэ.

КъБР-м къыщыщIагъэкI шхыныгъуэхэр дунейпсо утыкум щыпхагъэкIын папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр ящэ дыдэу хэтынущ SIA дунейпсо мэкъумэщ выставкэу гъэкъэс къызэрагъэпэщым. Мы гъэм ар мазаем и 19 - 27-хэм Париж щекIуэкIынущ. А зэхьыхьэшхэм республикэр хэтыну УФ-м мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министр Скрынник Еленэ иригъэблэгъауэ щытащ Берлин щекIуэкIа «ЩхъуантIагъэм и тхьэмахуэ-2011» выставкэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэригъэпэща стендым щыгъуазэ зищIа нэужь.

Иджы ди деж щыIэ мэкъумэщ предприятэ нэхъыфIу 12-м щагъэхьэзыр пивэмрэ псы зэмылIэужьыгъуэхэмрэ, Iэфыкlэхэр, фадэхэкIэр, сэхуран дагъэр, пхъэщхьэмыщхь гъэфIэIуахэр, Iусинтхъэ дрожжэхэр, ди губгъуэхэм помидорхэмрэ мыIорысымрэ щагъэлъэгъуэнущ Франджыи и кьалащхьэм. Италием щыщ «Форхер», «Лукини» фирмэхэу инноваци проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызыгъэзащIэхэм ягъэлъэгъуэнущ иджырей теплицэхэмрэ пасэу ягъэзыпыкIэ жыг хадэхэмрэ я макетхэр.

SIA гъэлъэгъуэныгъэм Iэмалыщ1эхэр къызэIуихынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщыщIэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр зэгунэкIэ Адэ-анэхэм зэхалъхьа сом мин 73-мкIэ пэмыжьыпIэ зэрагъэпэщынущ. Урыс ирагъэкIуэкIа, Италием щыщ «Форхер», «Лукини» фирмэхэм ящыщ щагъэсэбэп технологиехэмрэ щыгъуазэ зыщIынымкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и делегацэм и унафэщIу щытынущ республикэм мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министр Къаздэхъу Альберт.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Я къалэнхэм полъэщ

Совет Союзым и лъэхъэнэм Iэщ1экIэ Зэщ1эуэзэда Къарухэм къулыкъу щызыщIахэмрэ дзэм щымыIахэмрэ, зэныбжь пэтми, зэхуэдэу ялытэн папщIэ ильэс бжыгъэ дэкIын хуейт. НэгъэуэщIу жыпIэмэ, армэм щыIэм пщIэрэ щхьэ нэхъ иIэт, ар лIыпIэ нэхъ нувауэ кьалытэрти, дзыхь нэхъ хуащIырт. Зи къуэр ильэс 18 ирикъуа адэ-анэм гупсысэн щIадзэрэтэкъым, я быныр дзэм къулыкъу щищIэну зэрамыгъэкIуэн Iэмал кьалъыхъуэу.

Нобэ дней уэрэкIэри, къэралри, Iэщ1экIэ Зэщ1эуэзэда Къарухэри нэгъэущI хуащ. Зыхуэ1уа щы1экъым ильэскIэ Хэкум Iэщ1епхъэ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, зэи зи нэгу уимыпIа цIыхухэм ягъэсэн хуейуэ ept уи быныр зауэ Iэнатlэ, псэззэпльхьэпIэ къыйухутэныр, абы къэралыр хуэныкъуэ щIэхъуа щхьэусыгъуэр уэрэн къулыкъу ящIэн папщIэ уи унэ щIашами кьывгурамыгъаIуэу.

Нэхъ гугъуэжращи, ар Iуэуэфынущ лъэпкъ зэхэгъэзэк зыщIу кьытегуплI гупсэм, унафэщIхэм, уеблэмэ жылагъуэм.

Зыщыгуфыкьыпхъэщи, апхуэдэ Iуэкуэ мыщхьэпэхэр куэдрэ къэхъуркъым, КъБР-м и дзэ комиссариатым и унафэщI Харламов Евгений и псалъэхэм ятелщIыхьмэ, гупытэншэуэр къэралым зэи къигъанэркъым.

Хэкум и хъумакIуэм и махуэр къыззырыблагъэр къэдгъэсэпэри, дэ абы зыхуэдгъэзащ ди республикэм щыпсэухэр дзэм къулыкъу щыщIэным ехьэлIауэ нэхъ зыгъэпIейтей упщIэхэмкIэ.

КъБР-м и дзэ комиссар Харламов Евгений.

- Евгений, дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр гъэкIуэным-кIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуагъэува кьалэнхэр нэгъабэ дауэ игъэзащIа?

- Занщ1эу кьыжьыт1энщи, дэ ди кьалэнхэм хъарзынэу дапэлъэщащ, ауэ гу лыиввэгъэтэнщи, 2010 гъэм и гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ дзэм къулыкъу щащIэну дгъэкIуэхэм я бжыгъэр зэхуэдэкъым: нэгъабэ гъатхэм цIыху 2500-м нэблагъэ кьулыкъу щIэным кьыхуедджа-мэ, бжьыхьэм я бжыгъэр 2000 ирикъуу щытакъым.

Мы гъэм и гъатхэм ди Iуэху зэрыхьунур жьIэ-гъуеиш, зэкIэ цIыху бжьгъэу дзэм ирадж1нур зыхуэдизыр кьыжьалакъыми. Ауэ, хуэгъэзэфащ1эу куэдкIэ сыщымыуэну Iуэхум сыщы-гъуаззщ, - гъатхэм кьулыкъу ящIэну дгъэкIуэнур цIыху 1700-рэ хуэдизэ хьунущ.

Дауи, дзэм кьулыкъу щищIэну зи ныбжь нэсауэ республикэм щыпсэур куэдкIэ нэхьыбэщ, итIанэ мы зэмыкIуэу кьанэхэр бжьыхьэм, е етIанэгъэ тхуэгъэкIуэнущ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, я ныбжьыр ильэс 27-рэ ирикъуху, ахэри зы ильэскIэ къэралым и хъумакIуэ хэтынущ.

- Дзэм къулыкъу щызыщIэну хуэмейхэр куэд хуэрэ?

- Пэжыр жыпIэмэ, мащIэкъым. Урысейм и адрей щыналъэхэм тхуегъэпщIэнкъым, ауэ гъэ кIуам и бжьыхьэм дгъуэтыжакъым щIалэ 1700-м щIигъу. И нэхьыбэм, щхьэусыгъуэр зыщ - ахэр республикэм щыIэкъым, дзэкьапIэ кьалъыхъуэу Урысейм и кьалэ зэхуэмыдэхэм кIуэу щопсэу. Ахэр псори МВД-м и гъусэу дэ кьыдопльыхьуэ. А щIалэхэр хэбгъэзыхьу бгъэжьуанщ зэрымыкьынур дэри суд-хэми кьыдольытэри, тезыр ткIийм Iуэхур куэдрэ хуэкIуэркъым. Ильэс кьэс цIыхуи 10-м щыщIэдзауэ 20-м нэс тезыр тральхьэу ираш, и нэхьыбэм кьуэдыуэ сом бжьгъэ гуэр ирагъэт. Условнэ щIэхъуа бжьгъэ пыухыкIа зытралъхьахэр дэ дзэм кьулыкъу щищIэну кьедджэркъым, сыту жыпIэмэ, апхуэдэ тезыр зыхьаехэр а кьулыкъум гъэпIэ тщIыну ди кьалэнщ. ЗыхьымэжьныгъэмкIэ министерствэм и унафэкIэ.

- Апхуэдэхэр нэхъ мащIэ хьун папщIэ, зи ныбжьыр ильэс 18 ирикъуахэм фаIэлажьэр?

- Дауи, курыт еджапIэхэм, колледжхэм куууэ дапыщIащ, абы щеджэхэм ядэлэжьэныр зи кьалэн кьудамэхэрди зиIэщ. ОБЖ дерсхэр ди лэжьакIуэхэм щыгъэ щрадгъэкIуэкI а еджапIэхэм.

(КIэухыр 3-нэ нап.)

Фи гъащIэр мамыру щыIыну

Ди цIыхухъу лъапIэхэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомыр и гуапэу къывохъуэхъу Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ. Ар ди къралым нэхъ Iэтауэ щагъэлъапIэ гуфIэгъуэхэм ящыщщ, сыту жыпIэмэ Хэкур, лъахэр, унагъуэр хьумэныр дэтхэнэ зы цIыхухъуми щIыхь зыпылъ и кьалэнщ.

Фэ зи хьумакIуэу фыщыт зэпIэззэрытыныгъэмрэ тегушхуэныгъэмрэ лжьыгъэ тэмэм ехьэкIыныжьмрэ ехьулIэныгъэ инхэр кьэхьныжьмкIэ шэсыпIэр, ахэрщ Урысейм, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым заужьныжьмкIэ, ди сабийхэм я кьэкIуэнуэр хуэфащуэ кьыззэпэщынынмкIэ хэзыхьпIэр.

Уэныщагъэ быдэ, кьару мыкIуэщIыж фиIэну, евгъажьэ Iуэху псори кьыввэхъулIэну, фи гъащIэр мамыру щытыну дыныввохъуэхъу.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр реском

● Прохладнэ къалэ

Анэхэр лэжьэфын хуэдэу

Прохладнэ къалэм и курыт еджапIэ № 5-м зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ и 19-нэ къудамэм нэхъ цIыкIу дыщэхэм папщIэ гуп щхьэхуэ кьыщыззрагъэпэщащ. Иджы абы щыIыгъыну сабий 15-м я анэхэр лажьэ хьунущ.

ЦIыкIуэхэм щакIэльыпIыну пэшыр кьудамэм и лжьакIуэхэм зыхуеиI хуагъэзащ. Адэ-анэхэм зэхалъхьа сом мин 73-мкIэ пэмыжьыпIэхэр кьащхьэхуащ, псы щIэжьпIэкъэ, кIуапIэхэр зэрагъэпэщыжкащ. Сабийхэм я щыгъын фIэдзапIэхэр, зыгъэльапIэ цIыкIуэхэр кьагъэщIэрпIэмэ, Iунэ щIэхъуэжьмрэ, нэгъуэщI зыкъыгъэлъагъуэ щагъэхьэзыр и кьудамэм и студентхэм фокIадэм щегъэжьауэ я Iэщ1агъэм зэрыхагъэхьэуэну планхэр щызэхалъхьэ, - кьигъэльэгъуащ абы.

Зэрыджэгу хьэпшыпхэм, тхьилъхэм, зэрытхэнухэм, сурэт зэращIынухэм, нэгъуэщIхэми кьадэкIуэу, макьамэ зэредэIуэну Iэмэпсымэрэ сабэщыпрэ тыгъэ гуащIащ. Бынищ зиIэ щхьэзэкьуэрылажьэ Кьуажь Еленэ кьызэрыхигъэщамкIэ, Iэнатlэ Iут анэхэм апхуэдэ гупыгъэ зэрагъуэтыжьу я кьалэм Iуэхуфl нэхьыбэ зэрыхуащIэнум унагъуэхэр трегъэгушхуэ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.



Адыгейр къыхах

АДЫГЕЙ. ***Иджыблагъэ Тыркуи щекIуэкIа дунейпсо турист гъэлъэгъуэныгъэм республикэм и лIыкIуэхэр хэтащ. Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министр Iыхьэс Мазыечэрэ щэнхабзэмкIэ министр Щэмсо Гъазийрэ президент Тхьэкlуащэ Аслъэнджэрий абы къринкIуахэм щыгъуазэ ящащ.***

ИСТАМБЫЛ щекIуэкIа Гъэлъэгъуэныгъэм ирихьэлIа, Тыркум щэнхабзэмрэ туризмэмкIэ и министр Ертугъул Гюнай Адыгейм и стендым фIэхьэлэмэту еплъащ. Выставкэм кьеклуэ Iа куэдым республикэм и экспозицэр гъэщIэгъуэн ящыхьащ. Гъэльэгъуэныгъэм къринкIуахэм тетуха пресс-конференцым зэрыщыжаIамкIэ, тырку туристэр еблэгъану ахэм зэрызыкъуахэ къыхахащ Адыгейр.

Мэзкуу макIуэ

АБХЬАЗ. ***Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ фестиваль Мэзкуу щекIуэкIынущ.***

«Кослос» хьэщIэныгъэм и концерт тыпIэм щызэхэтыну а Iуэхугъуэм и рагъэблагъэхэм яхэтщ Абхъазым и лIыкIуэхэр.

«КАВКАЗЫМ щыпсэу лъэпкъхэм я урысей конгрессым» Мэзкуу и правительствэр и щIэгъэкъуэну къызэригъэпэща фестиваль Кавказ Ищхъэрэм, Кавказ щIыб щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я творческэ гупхэм, ансамблхэм, уэрэдыкIыуэхэм утыку ирахьэнущ я щэнхабзэ пльыфэбзэр, лIэщIыгъуэ куэд хьуауэ кьадекIуэкI хабзэхэм я кьулеягъыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● УФ-м и Къэрал Думэм

Уней лъапсэхэм къыщагъэкIым налог тралъхьэнукъым

УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр мазаем и 22-м етIуанэ кьеджагъуэ хэпльэнущ «Урысей Федерацэм и Налог кодексым и етIуанэ Iыхьэм и 217 статьям зэхуэдэкIыныгъэхэр хэльхьэным и Iуэхукlэ» законопроектым. Абы ипкъ иткIэ цIыкуэхэм езыхэм я уней лъапсэхэм кьыщагъэкIыу ящэм кьыпэкIуэ хэхъуэм тралъхьэ налогыр щхьэщхьэныр я мурадщ. Мы Законыр дызэрыт мазэм и кIэухым кьащтэнкIэ хьунущ.

«ЗАКОНОПРОЕКТЫР зытеухуар дачхэхэм, уней лъапсэхэм илэжьыхь икIи мэкъумэщ продукцэ кьезыхьэлIэ цIыкуэхэр, - жиIаш документым и гугъу щищIым Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI Васильев Юрий. - ЦIыкуэхэм ыкьымыщIыкIыу, налогхэх инспекторхэм зыщамыдзейуэ бззэрэхэм щащэ хьунущ езыхэм кьагъэкIа пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэмкIэмрэ. Налогхэр апхуэдэу тралъхьэнукъым бюджетым и Iэнатlэ псоми кьыхэкIыу кьыIаха кредитхэм, ахэр уней лъапсэхэм зегъэужьныным хуэунэтIауэ кьагъэсэбэпамэ. Налогхэр ятехуэрэкъым жылапхъэхэр, Iэщым папщIэ Iусепхъэ кьызэращэхэм. А спискэм хеубыдэ гъэсынпхъэу, минералынэ щыIэгъэпшэру, кьэкIыгъэхэр узыфэхэм зэрыщащхьэмэ хущхьэуэу кьащэхуэхэри. ЦIыкуэхэр хуит хьунущ Iэщ, джэдкьыз, бжьэ зэрагъэпэщынмкIэ, жыг хадэхэмрэ жьызэм хадэхэмрэ хасэныжьмкIэ, теплицэхэр щынныжьмкIэ, мэкъумэщхэкIэр хьумэныжьмрэ абыхэм елэжьынныжьмкIэ, мэкъумэщ техникэ, абы ирахьэлIэ пкъыгъуэхэр кьэщэхуныжьмкIэ, кьалэжьыр щэныжьмкIэ, кьэжьыгъэхэмрэ жыг хадэхэмрэ я страхованэр егъэкIуэжьныжьмкIэ.

Мыбдеж псоми ящIэн хуейр зы Iуэхущ: уней лъапсэ зезыхьэхэм я мыдкьуу е бэджэнду ялэжьу яIыгъыну зыхуэтыр УФ-м и субъектым и законым нэхъыбэ дыдэу щыубзыхуа щIы IыхьэмкIэ хуэдизщ».

Васильев Юрий зэрэжиIамкIэ, документым етIуанэ кьеджагъуэу щыхэпльэкIэ, а щIы IыхьэкIэр зыхуэдизу щытыпхъэм теухуа зэхъуэжьныныгъэхэр халъхьэжьыну я мурадщ. Уней лъапсэ щыщIапIэр федеральнэ мардэхэм япкъ иткIэ нэхъыбэ дыдэу зэрыхьунур гектар ныкъуэщ. Ауэ щыналъэхэм я къэрал властым и органхэм хуитныныгъэ яIэщ ар хуэдитхукIэ нэхъыбэу кьащтэну.

Апхуэдэу ткIийуэ кIэльыплъынущ бюджетым кьыхэкI кредитхэр уней лъапсэхэм зегъэужьныным тещIыхьауэ кьыхэзрагъэсэбэпымрэ пщIэкIэ кьащтэурэ цIыкуэхэр зэрагъэлажьэмэ. Дауэ мыхьуми, езыхэм я гуащIэкIэ кьалэжьа продукцэр бззэрым зэрыщащэм папщIэ цIыкуэхэм налог ятыныкъым.

ТРЕСКОВ Василий *игъэхьэзыращ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатэнхэ

КъБР-м законхэр кьыдэзыгъэкI и органым и зи чэзу зэIущIэр 2011 гъэм мазаем и 25-м республикэм и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1ап1эм.

Яубыдауэ щытахэр хуит мэхъуж

Куржым и цIыхуу, щIэпхъаджагъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэкъуаншэу Осетие Ищхэм щаубыда цIыхуи 7-р Куржым и щIыналъэм ащхуэдэ щытыкIэм къыщихута цIыхуи 7-кIэ дыгъуасэ кьахьэжащ.

Осетие Ищхэм и президентымрэ и правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм и унафэщI Седов Вячеслав кьызэритымкIэ, ар къыщыхьуар къэралитIым я гъунапкъэращ. Апхуэдэу Осетие Ищхэм Куржым рэ ящэм зэи зэгурыIуатэкъым.

Ар и фIыщIэщ Кавказ щIыб щынагъуэншагъэм теухуауэ 2009 гъэм и мазаем Женевэ щызэхэта зэпэлъэныгъэхэм. Абы щызэгурыIуат къэралитIым я гъунапкъэхэм щрагъэкIуэкIыну IуэхугъуэхэмкIэ.

ЩIэныгъэлIым хуегъэфащэ

«Кеплер» хьэрш нэрылъэм елдж гупым и унафэщI, США-м и щIэныгъэлI Боруцки Уильям щIэныгъэм зегъэужьныжьмкIэ Америкэм и ассоциацэм иригъэкIуэкIа конференцым зэрыщыжиIамкIэ, ди Галактикэм щIы мелард 50 хуэдиз иIэщи, абы ящыщу мелуан 500-м ущыпсэу хьунущ.

«Кеплер» телескопыр орбитэм яутIыщат 2009 гъэм и гъатхэпэм. Ар хуэщIащ хьэрэ зэритымкIэ, ар къыщыхьуар къэралитIым я гъунапкъэращ. Апхуэдэу Осетие Ищхэм Куржым рэ ящэм зэи зэгурыIуатэкъым.

Ар и фIыщIэщ Кавказ щIыб щынагъуэншагъэм теухуауэ 2009 гъэм и мазаем Женевэ щызэхэта зэпэлъэныгъэхэм. Абы щызэгурыIуат къэралитIым я гъунапкъэхэм щрагъэкIуэкIыну IуэхугъуэхэмкIэ.

Ар щыщIэныгъэлIым щыгъуазэ щIыпIэхэм я гъунапкъэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр зэрыщыгъуазэ, ар къыщыкIуэтыным. НобэкIэ абы къыгуэтащ планетэ 1200-рэ, абы ящыщу 54-р я дыгъэхэм ди щIым хуэдэу пэжыжьыжьэщ, псы щыIэщ. А бжьыгъэхэр Галактикэ псом хуитгъэкIуауэ, щIэныгъэлIыр псалъэу аращ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 22, *гъубж*

◆ Мазаем и 22 - гъатхэпэм и 4-хэм Нью-Йорк щызэхэтынущ Щыхубзхэм я IуэхугъэмкIэ комиссэм и 55-нэ сессие.

◆ ЩIэпхъаджагъэм и лей зытехьахэм къащхьэщыжьыным и дунейпсо махуэщ

◆ 1957 гъэм кьалъхуащ къэралъжьакIуэ, политик, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен.**

Мазаем и 24, *гъубж*

◆ Брунеи-Даруссаламым и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1984 гъэм кьэрал щхьэхуит хъуащ.

◆ Гайанэ Кооперативнэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1970 гъэм республикэр кьэунэхуащ.

◆ 1942 гъэм Кьэрдэн Кьубатий Ленин орденыр кьаратащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пшэ телыныр, уэс мащIэ кьесынущ. ЩIыIэу махуэм градусиу 6, жэщым градусиу 7 щыIэнущ.

Мазаем и 23, *бзэрэжьей*

◆ Брунеи-Даруссаламым и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1984 гъэм кьэрал щхьэхуит хъуащ.

◆ Гайанэ Кооперативнэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1970 гъэм республикэр кьэунэхуащ.

◆ 1942 гъэм Кьэрдэн Кьубатий Ленин орденыр кьаратащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пшэ телыныр, уэс мащIэ кьесынущ. ЩIыIэу махуэм градусиу 3-м, жэщым градусиу 4-м нэсынущ.

Мазаем и 24, *махуэку*

◆ Эстоние Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1918 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

◆ Румынием и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1848 гъэм я лъэпкъ бэракьыр кьэунэхуащ.

◆ 1745 гъэм кьалъхуащ флотым и адмирал **Ушаков Федор** (адыгэ лъэпкъым кьыхэкIащ). 1817 гъэм дунейм ехыжащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пшэ телыныр, уэс мащIэ кьесынущ. Махуэм щIыIэу градусиу 2, жэщым градусиу 5 щыIэнущ.

Пл1эмэрэд зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зэрифэ.**

Лъэпкъ Iущигъэ:

Къъпкlэлъымыкlуэм узыкlэлъигъэкlуэныкъым.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан ЭнатIэм хиубыдэ къулыкъухэм хэмыхьэ ЭнатIэм пэрытхэм лэжьапIэ зэрыратым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щышцхьэIум и 8-м къыдигъэкIа Указ №55-УП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан ЭнатIэм хиубыдэ къулыкъухэм хэмыхьэ ЭнатIэм пэрытхэм лэжьапIэ зэрыратым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щышцхьэIум и 8-м къыдигъэкIа Указ №55-УП-м мы къыкIэльыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 4-м и еханэ абзацым хэт «хуэдэ 1» псалъэхэр зэхъуэкIын «хуэди 2» жиIэу;

б) пункт 7-м и етхуанэ абзацым хэт «хуэдэ 12» псалъэхэр зэхъуэкIын «хуэдэ 24-рэ» жиIэу.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ икIи абы и къарур ятохуэу 2011 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ зэтеуа хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 16-м
№18-УП

ЩIы Iуэхумкlэ реформэр гъэхъэзырыныр ар егъэкIуэкIынымкlэ республикэ комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм щIышылэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №7-УП-мкlэ кIиштам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. ЩIы Iуэхумкlэ реформэр гъэхъэзырыныр ар егъэкIуэкIынымкlэ республикэ комиссэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIы Iуэхумкlэ реформэр щыгъэхъэзырыныр щегъэкIуэкIынымрэ и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм щIышылэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №7-УП-мкlэ кIиштам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн икIи абы хэгъэхьэн мы къыкIэльыкIуэхэр:

Абрэдж I. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэр*(Комиссэм и унафэщым и къуэдзэщ)*

Недугов А. Н. - «ЩIымкlэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал Iуэхущапlэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщыр*(зэгурыIуауэ).*

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 16-м
№19-УП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджетыр къызэрыщызэгъэпэщамрэ бюджет лэжьыгъэ зэрыщекIуэкIымрэ я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1.«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджетыр къызэрыщызэгъэпэщамрэ бюджет лэжьыгъэ зэрыщекIуэкIымрэ я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж егъэхьын Iэ щIидзэн икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм
дыгъэгъазэм и 16-м
№570-П-П

«Транспортымкlэ налогым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым**унафэ ещI:**

1. «ТранспортымкIэ налогым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж егъэхьын Iэ щIидзэн икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм щIышылэм и 27-м
№612-П-П

«Транспортымкlэ налогым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

«ТранспортымкIэ налогым и Iуэхукlэ» 2002 гъэм щэкIуэгъэуэ и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №83-РЗ-м и 6 статьям и Iыхьэ 1-м мы къыкIэльыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. Я1пэ абзацым хэт «транспорт Iэмэпсымэхэр, транспорт Iэмэпсымэхэм я категориехэр» псалъэхэр зэхъуэкIын «транспорт Iэмэпсымэхэр» жиIэу.

2. Налогхэм я ставкэхэмкlэ таблицэм хэт «Хъэльэхэр зэрыгэрашэ автомобилхэр» псалъэхэр зэхъуэкIын «Автомобиль хъэльэгешэхэр» жиIэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 11-м
№12-РЗ

Мэзкуу къикIа зыгъэпсэхуакIуэхэм ятеуахэр къалъыхъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм къалъыхъуэ 2011 гъэм мазаем и 18-м сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 30-м Прохладнэ - Азау федеральнэ гъэрум тету кIуэ, ауфы дасым нэмыщI щIы-хуитху зэрыса ГАЗ 2752 (Соболь) автобус щIыкIым Бахъсэн куейм хыхьэ Зеикъуэ къуажэ дыхьэпIэм дежи Iэщ зэкIэ щытеуа щIэпхъаджащIэхэр.

Абы щIыхуиущ, зыр щIыхубзщ, зэкIуэдащ, уIэгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ятельу щIэпхъаджащIэхэр Iэщ зэкIэ щытIур сымаджэщым яшащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и унафэкIэ, «Перехват», «Вулкан-3» Iуэхугъуэхэр Iоку1эжкI.

Милицэм и Iэнатlэхэм щIэпхъаджащIэхэр зэрыщIэнкIэ хъуну зыхуагъэфащэ щIыпIэхэр я нэIэ щIэтщ. Къэзыльхьуэ гупхэр мэлажь.

Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я Iэщlагъэлл пашэхэр зыхэт следственнэ гупым Iуэхур зэхегъэкI.

ЩIэпхъаджащIэхэр Iэщ зэкIэ щытеуам хэкIуэдащ Подмосковье, Мэзкуурэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ щыпсэу цIыхуищ. Уlэгъэ зыуаитIыр Мэзкуу къалэм щыщIщ.

Зэкlэ зэрауб зыхуамкlэ, гулыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и куейхэм ящыщ зым зыгъэпсэхуакIуэ кIуэрт.

Зэрыхуагъэфащэмкlэ, щIэпхъаджащIэхэр, ахэр щы хъурт, «Фольксваген» автомашинэ фIыщIэм исащ. КъБР-м и муниципальнэ куейхэм щыIэ УВД, МОВД, ОВД-хэр Iуэхум егъэбыдыIащ, административнэ гъунапкъэхэм къэщIыгъэныгъэхэр щыщIагъэтхIиящ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ центр.

КъБР-м и цIыхухэм яхуэгъэзауэ

КъБР-м и оперативнэ штабым фигу кьегъэкIыж республикэм и Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым, Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Iыхьэм террорым ебэныныкIэ лэжьыгъэхэр зэрыщIагъэхэр зэрыщIагъэувыр, абы пыщIауэ Iуэху пыухыкIахэр зэрырагъэкIуэкIынур, мардэ щхьэхуэхэр кьызэрагъэсэбэпынур. А Iуэхуэхэмрэ мардэхэмрэ зыхуэдэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм хэIущIыкI ящIащ.

Оперативнэ штабым цIыхухэм лъэпкlэ захуегъазэ террорым ебэныныкIэ хабзэ щытыкIэ зэрагъэувым зэхущIыкI яхэлъу бгъэдыхьэну, сакъыну, мыпIейтеину, хэмылъэдэну, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм зэрахуэфIэкIкIэ зыщIагъэкъуэну, терроризм пэщIэтынымкlэ лэжьыгъэ езыгъэжIуэкIэхэм пщIэ хуащIыну, оперативнэ Iэнатlэхэм Iутхэм зэран яхуэмихъыну, штабымрэ а лэжьыгъэр езыгъэжIуэкIэмрэ кьагъэувхэр текI имыIэу ягъэзэщIэну - а псоми ельытауэ щытынкlэ хъунущ цIыхухэм я гъащIэр хъумэныр.

Шэч гуэр фэзыгъэщIу фызрихьэлIэхэм - цIыхухэм, автомашинэхэм, хьэпшыпхэм-ятеухуауэ мы телефонхэмкlэ хъыбар евгъащIэ хъунущ:

- КъБР-м щыIэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;
- УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Иш-хьэрэ федеральнэ округым щыIэм и «Э» центрым - 42-70-52;
- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - 48-16-02, 48-15-81;
- КъБР-м и оперативнэ штабым и аппаратым - 48-16-37, 48-15-48.

КъБР-м и оперативнэ штаб.

●КъБР-м и оперативнэ штабым къет

Террорым пэщIэтынымкIэ хабзэ хэхар зэрагъэувым, ар цIыкIуэну щIыпIэмрэ пIалъэкIэ щыIэну мардэхэмрэ я Iуэхукlэ

«Терроризмэм пэщIэтынымкIэ Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ закон №35-ФЗ-м и 11, 12 статьяхэм япэ иткIэ икIи цIыхухэр зыхэкIуэдэнкIэ хъуну, жылагъуэр зыгъэгъэзэвэну диверсие, террор Iуэхуэхэр кьэмыгъэхъун, республикэм и щIыналъэм щалэжьа террорист щIэпхъаджагъэхэм хэтауэ гурыщхьэу зыхуащI цIыхуэу хабзэм кьемыэгъэлъ Iэщхьэ зыкъэщIэзыуэзда гупхэм ящыщхэр кьалъыхъуэн мураджкIэ, Урысейм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ кьулыкъущапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI - КъБР-м и оперативнэ штабым и Iэтащхьэ полковник Кменный С. Л. унафэ ящIащ КъБР-м и Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым (Тырныауз, Гундэлэн, Бедык, Былым, Тегенекли, Терск оI, Эльбрус, Нейтринэ, Бахъсэн Ипщэ, ЛашкIытIэ яжылагъуэхэм), Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Iыхьэм (Жанхъуэтекъуэ, Зеикъуэ, Хьэтlохьущыкьуей, Исльэмей жылагъуэхэм) 2011 гъэм мазаем и 20-м сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыху терроризм пэщIэтынымкIэ хабзэ щытыкIэр щыгъэувыным теухуауэ.

Терроризм пэщIэ тынымкIэ хабзэ щытыкIэр щагъэувэ щыпIэм мы къыкIэльыкIуэ Iуэху хэхахэмрэ пIалъэкIэ зекIуэ мардэхэмрэ кьыщагъэсэбэп хъунущ:

- щыхур хэтми къэзыгъэ лъагъуэ док ументхэр кьапщытэ, апхуэдэ документхэр зымыIыгъкIэ хэтми зэ хагъэкIын папщIэ Урысей Федерацэм кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и органхэм (эхуэфащэ адрей органхэм) ирашалIэ хъунущ;

- щыхуэхэр, транспортыр щIыпIэ щхьэхуэхэм кьращ, Iуэхущапlэхэм кьыдагъэкI, кьрагъэкI хъунущ;

- жылагъуэ хабзэр, псэуныгъэм пыщIа Iуэхущапlэхэр зэрахьумэр, транспортым и Iэжьыгъэр кьыдзэрыгъэпэщыр зэрагъэкIуэ, транспортым и Iэжьыгъэр кIэльыплъ, электросвязым и каналхэмрэ поцткIэ зэрахьумэр, транспортым и Iуэхущапlэхэр зэрахьумэр, ахэр зыгъэхьэзырахэмрэ зыIэужьхьэхэмрэ кьыщIагъэщIын, террорист щIэпхъаджагъэхэр кьамыгъэхъун папщIэ;

- Iэт мыкъуэ щыIэм емыкIыт ауэ, Iуэхущапlэхэм я транспортыр, хэхаэу щыхуэныкъуэм деж цIыху щхьэхуэхэм ейхэр, кьагъэсэбэп хъунущ икIэщIыпIэкIэ медицинэ дэIепыкъуныгъэ хуэныкъ уэ хэр зыху эфащэ Iуэхущапlэхэм иращIэнIэм, террорист щIэпхъаджагъэ зэхащIыхьауэ щэч зыхуащIэр кьаубыдын папщIэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэр икIэщыпIэкIэ зэфIамыгъэкIмэ, цIыхум и Iащщэм е и узыншагъэм щынагъуэ кьытехьэмэ;

- юридическэ Iэнатlэхэмрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ связым и Iэжьутхьэбзэхэр паубыдэ и абыхэм связым и Iэмэпсымэхэр кьызэрагъэсэбэпым мардэхэр хуагъэув хъунущ;

- хуей щыхуэм деж, террорым пэщIэтынымкIэ хабзэ щытыкIэр щагъэувэ щынальэм щыпсэу цIыхухэр пIалъэкIэ ирагъэIэпхъукIыу щынагъуэншэу цIыт щыпIэ эм ягъэIэпхъуэ хъунущ, ахэр щыпсэун унэхэр е пIалъэкIэ зыщIэс хъунухэр ирату;

- террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр зэфIэкIыху, гъэтгъэмрэ узрамкъэмрэ транспортыр зэрыщызэкIуэр сыхьэт 21.00-м щегъажьауэ сыхьэти 6.00-м нэсыху ягъэмащIэ е зэпагъэу;

- террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр езыгъэжIуэкIэр терроризмэм ебэныныкIэ Iуэхуэхэр зэфIагъэкIын папщIэ кьапэрыуэ щымыIэу цIыхухэм я унэхэм, я псэуалъэхэм щIыхьэ, я щIапIэхэм ихьэ, ви мылькум емыльытауэ, организацэхэм я пщIантIэхэм дыхьэ, псэуалъэхэм щIыхьэ хъунущ;

- терроризм пэщIэтынымкIэ хабзэ щагъэувэ щыпIэм лъэсу е транспорткIэ щихьэкIэ, а щIынальэм кьыщикIыжкI цIыхухэмрэ абыхэм яIыгъ хьэпшыпхэмрэ, апхуэдэу транспортыр, абы иль хьэпшыпхэр кьапщытэ хъунущ, абы папщIэ техникэ Iэмэпсымэхэр кьагъэсэбэпурэ.

Терроризм пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр егъэжIуэкIынымкIэ унафэ ящIыну и пщIэ иральхьащ Урысейм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ кьулыкъущапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI - КъБР-м и оперативнэ штабым и Iэтащхьэ полковник Кменный С. Л.

ФРИЕВ Рэмэзан Мухътар и къуэр

2011 гъэм мазаем и 19-м щIэпхъаджащIэхэм гуузу яуклащ Хьэсэней къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Фриев Рэмэзан Мухътар и къуэр.

Фриев Рэмэзан 1977 гъэм Хьэсэней къуажэм къыщалъхуащ. 2000 гъэм абы Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым физкультурэмрэ спортымкIэ и факультетыр кьиуащ. 1998 гъэм щегъэжьауэ ар Налшык дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школым бэнэкIэ хуитымкIэ и гъэсакIуэу-егъэджакIуэу лэжьащ. Къуажэм и жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтащ. 2010 гъэм ар Хьэсэней къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу, 2005 гъэм и накъыгъэм, и ныбжьыр илъэс 28-м иту, администрацэм и Iэтащхьэу ягъуеващ.

Илъэситхум къриубыдэу Фриев Рэмэзан щалъхуа къуажэм папщIэ куэд илэжьащ, Хьэсэней жылагъуэм и сэбэп зыхэлъхэр дэтхэнэ Iэнатlэми жыджэру щыпхигъэкIыу. И кьулыкъум зэрыпэрыта зэманым кьриубыдэу абы и унафэм щIэту гъуэгухэр зэрагъэпэщыжащ, транспортым и лэжьыгъэр зэтрагъэуващ, школыр, амбулаторэр, сабий садыр зыхуэдэ хуагъэзащI. Абы и сэбэп хэлъщ Щэнхабзэмкlэ унэщIэр жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэм и кьыщзгъэпэщыпIэу зэрызэтеувам. Фриев Рэмэзан и унафэм щIэту Хьэсэней къуажэр псыкIэ кьыззэрызэрагъэпэщ бжьамийхэр кьагъэщIэрэщIэжырт. Иужь дыдэу абы и кьарур зрихьэлIа уэхуэныгъэхэм щыщIэуп спортым зыщыхуагъасэ унэр. Ар щыным зэрыжьлэу елэжьащ икIи иджыпсту абы сабийхэм зыщагъасэ.

Ешэр щалъхуа кьуажэр зэIуэпэщ щIыным псэемыблэжу зэрыгелэжьам папщIэ Фриев Рэмэзан кьыхуагъэфэщащ КъБР-м и Правительствэм, Налшык кьалэм и щIыпIэ администрацэм я щыхъ тхьлъхэр, КъБР-м и Президентым, КъБР-м и Парламентым, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым, КъБР-м и Хэкалкlэ комиссэм фIыщIэ кьыхуагъэщIащ.

Фриев Рэмэзан и кьару илъэгуфу дунейм ехьжащ. Абы иIа зэфIэкIкIыр, щалъхуа щIынальэмрэ хэкумрэ я сэбэп зыхэлъхэм ерыщу зэрытелэжьар, и лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъухэм, благъэхэм кьыхуащIу щыта пщIэмрэ гуапагъэмрэ ар зыщIыхуу щыта псоми ягу кьинэнщ. Дэ зэи тщыгъупщэнкьым Фриев Рэмэзан и фэеплъ нэхур.

Кьанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Меркулов А. В., Жамборз В. С., Вербицкий А. И., Абрэдж I. Хь., Амщокъуэ Ф. Кь., Афэшунэ А. М., Берд Хь. А., Бышэн А. А., Бозий Н. М., Васильев С. В., Уэлджыр Ж. Хь., Гертер И. К., Геляхов А. С., Джэш В. М., Гызыев Б. Хь., Евтушенкэ С. В., Жаным Р. М., Зумакулов Б. М., Къаздэхъу А. Б., Къуэдзокъуэ М. М., Кудаев Р. Хь., Къудытырбей Хь.М., Кумыщ М.М., Кушмэзокъуэ С. Т., Лыжьыдэ Хь. П., Мэлсов Н. А., Мэщыкъуэ Хь. И., Мусуков А.Т., Пащты Б. С., Саенкэ Т. В., Сэхъуурокъуэ Хь. Хь., Сунш А. А., Тау П. КI., Темиржанов М. О., Лыьхъугу Хь. Хь., Тюбеев А. И., Уянаев К. Хь.-М., Фырэ Р. Б., Хьэгъэс З. А., Черкесов Г. М., Щхьэгъэпсо С. Хь., Ерчэн Т. Хьу.

ПхуэмыгъэзэкIуэжын хэщIыныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ ЭнатIэхэм республикэм и щIыхьэм яхуэгъэзэа щIэпхъаджагъэхэр зыгъэжьа. ЕшэкIэ зэщIуэзэда бзаджащIэхэр убыдыным теухуа Iуэхугъуэхэр Налшык кьалэм щыщIагъэкIуэкIым и кьалэным зэрыгъу мазаем и 19-м хэкIуэдащ Налшык кьалэ УВД-м и УУМ-м и 2-нэ кьудамэм и участкоэ инспектор **Дол Тимур Мэлжкан и къуэр.**

Дол Тимур 1985 гъэм кьалъхуащ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ Iэнатlэм 2010 гъэм фокIадэм лэжьэн щыщIидзащ, иужьрей къулыкъум мы гъэм мазаем и 10-м зэрыуващ. ГъащIэм и дежкlэ щынагъуэ зыпылъу щытми, кьэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ Iэнатlэм щылэжьэну абы къыхихащ, республикэм и щIыхуэм я мамыр псэукIэр ихьэмэн папщIэ.

ЗэкIуэдам и Iыхьлыхьэмрэ благъэхэмрэ зэхуэгуэшащ КъБР-м щыIэ МВД-м, абы и ЭнатIэхэм, УВД-МОВД-ОВД-хэм я унафэщIхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхуэщапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къыдигъэкIа Унафэ №196-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 9-м №29-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Бюджет ЭнатIэм хэхъуэхэр кьыхуэщIэгъэуIуэныкIэ, финанс, бюджет, налог хабзэхэр зэрагъэзащIэм кIэльыплъныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и комиссэм теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м кьыдигъэкIа Унафэ №196-ПП-мкlэ кIиштам зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и пункт 4-м и епщыкIутIанэ абзацым кьару имыIэжу кьэлъытэн.

2. Бюджет ЭнатIэм хэхъуэхэр кьыхуэщIэгъэуIуэныкIэ, финанс, бюджет, налог хабзэхэр зэрагъэзащIэм кIэльыплъныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и комиссэу ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуэ унафэмкIэ кьащтам:

1) хэгъэхьэн мы къыкIэльыкIуэхэр:

Абрэдж I. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэр.

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Лыджыдэ Хь. ПI.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы Iуэхуэхмкlэ и министр;

2) комиссэм къыхэгъэкIыжын Отаров К. М., Сэхъу М. И., Томчак Ю. И., Тхьэзэплъыж М. ТI. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
МЕРКУЛОВ Александр

ЩIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм и бжыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ 2010 гъэм и IV кварталым гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 11-м №32-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр щIыпIэм папщIэ щIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и Iуэхукlэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм кьыхэзрыхилъхьам тету, щIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэр 2010 гъэм и IV кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэувын щIыху псоми ятещIыхьауэ ику иту сом 4726-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ сом 5053-рэ, пенсионерхэм папщIэ сом 3722-рэ, сабийхэм папщIэ сом 4483-рэ хъуэ .

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 11-м №43-рп

ИрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ щIыхэм я кьэрал кадастр уасэр гъэувыным кьрикIуахэмрэ хэпльэныкIэ республикэ комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм гъатхэпэм и 4-м кьыдигъэкIа Унафэ №106-рп-мкlэ кьиштам мы къыкIэльыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэльыкIуэхэр:

Абрэдж I. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэр *(комиссэм и унафэщIщ)*

Лыджыдэ Хь. ПI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы Iуэхуэхмкlэ и министр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ);*

б) комиссэм хэт Гызыев Б.Хь. и кьулыкъым зэреджэр щIэуэ къэхьын - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпс хьугъуэфIыгъуэхэмрэ дыкъэзыухъурейхь дунейр хъумэныкIэ и министрыр;

в) комиссэм кьыхэгъэкIыжын Сэхъу М. И., Тхьэзэплъыж М. ТI. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
МЕРКУЛОВ Александр

●Узыншагъэ

Къэпщытэныгъэхэм къыпащэ

2011 - 2012 гъэхэм узыншагъэр хъумэн ЭнатIэм щрагъэкIуэкIыну зэхъуэкIыным теухуа программэр гъэзэщIа хъун папщIэ, республикэм и медицинэ Iуэхущапlэ псоми я щытыкIэр кьызэрапщытэм нэхъапэкIи и гугъу тщIащ. А Iуэхум кьыпащIу, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Гертер Иванэ республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Амщокъуэ ФатIимэтрэ иджыблагъэ щыIащ Республикэ клиникэ сымаджэщым хэт гемодиализ центрым.

1988 гъэм жьэжьейм щIэзэ кьудамэр Налшык кьалэ клиникэ сымаджэщым кьыщызэIуахауэ щытащ, иужьым, 2007 гъэм, нефрологие ЭнатIэр щрагъэфIакIуэм, республикэ клиникэ сымаджэщым гемодиализ центрыр кьыщызэрагъэпэщащ. Иджыпсту абы аппарат 20 щIэтщ, сымаджи 157-рэ къокIуаалэ. А ЭнатIэм пэрытщ зи лэжьыгъэм фIыуэ кьэзыщIыкI Iэщ Iагъэлэхэр. Пэщхэр Iэзэвгъэзэву зэрыщытым гугъу иригъэхьыртэ, абы хэкIыпIэ кьыхуагъуэтащ. Нефрологие кьудамэр поликлиникэр зыхэт унэм ягъэIэпхъуащ, апхуэдэ щIыкIэкIи сымаджэхэм хуащIэ Iуэхутхьабзэр куэдкIэ нэхъ ефIэкIуащ.

АдэкIэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэмрэ министрымрэ щыIащ Сабий унэм. Тхьэмахуэ и пэкIэ унэщIэм къэIэпхъуэжа цIыкIуэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм зыщагъэгъэщащ, хущхъуэкIэ, ерыскъыкIэ къызэрызэгъэпэщар, санитар-кьабзагъэ хабзэхэр зэрагъэзащIэр къэпщытащ.

КъыкIэльыкIуэу Гертер Иванрэ Амщокъуэ ФатIимэтрэ психоневрологие, наркологие диспансерхэм я Iуэху зыIутри зрагъэщIащ.

УЭСМЭН Маринэ.

Зауэл къудамэм и унафэщI Ныр Ларисэ.

Дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр зыгъэхьэзэрыр къудамэм и унафэщI Мэкъуауэ Тимур.

Я къалэнхэм полъэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- ДОСААФ-у щыта Іуэхущапэр абыкIэ ри дэпэпыкъуэгъуэ къыщIэкIынщ.

- Шэч хэмылъу, - абы щытхъуагъэхьэзэрыр водителу связисту механикыгъуэ, нэгъуэщI Іэщагъэхэр зиІэу дэщI едджэну щIалэу дызыхуэчэмыщ хуэдиз.

- Дауи, зауэлI сымаджэ фэ фыху эныкъуэ экъыщ. АтIэ, сыт хуэдэ узыншагъэ иІэ ди нобэрей щIалэгъуалэм?

- Мис ар дыхэзыгъэгупсысыхь Іуэхугуэщ. Иужьрей илъэситхум абыкIэ ди Іуэху зыIутым сыхэлъытати, нэрылъагъуэ илъэсныкъуэ къэс, узыншагъэ зэримыІэм къыхэкIыу, къэдгъанэхэм я бжыгъэм проценти 3 хуэдизкIэ зэрыхэхъуэр. Абы къыхэкIыу ди республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм зыхуэдгъэзащI нэбжьыщIэр илъэс 15 щрихъуэм щыщIэдзауэ, абы и узыншагъэм зэпымыууэ кIэлъыплъын, ар дзэм къулыкъу зэрыщIэнымк дохутырхэм хуагъэхьэзырынпапIэ. ЗэкIэ а министерствэм жэуап кIыдитыжакъым, ауэ мыгъэм а Іуэхури зэтеувэну догугъэ.

- Евгений, офицеру дзэм къулыкъу щызыщIэну хуейкэр кУэд хьурэ? 2009 гъэм хьыбар ягъэІуат дзэ Іуэхум щыхурагъаджэхэм ди республикэм щыщкэ щIалэгъэтIысхьэным тетхуэ унафэщIыбу. Ар пэж?

нут: адэ-анэ кУэд уи деж тхьэусыхакIуэ кьакIуэрэ, дзэм кьулыкъу щызыщIэну кIуа я быныр зыIуэ гугъу: ехьхэм ятеухуауэ? Ахэр льэпкъ зэхэгъэж щытыкIэ щыхэхуэ кьэхьурэ?

